

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Wanoja raket patalina jeung problematika feminisme dina mangsa taun 1970 nepi ka taun 2000 an kawilang pagedrug. Abad pertengahan ka-19, réa kelompok wanoja anu ménta parobahan jeung kamajuan pikeun peranan wanoja dina aspék pulitik, sosial, jeung ékonomi. Dina taun 60-an gerakan feminisme kaasup momentum. Ieu hal téh jadi geunjeung ka kaum masarakat nu tangtu, ku sabab méré kasadaran anyar utamana ka kaum wanoja, yén peranan tradisional wanoja téh nempatkeun wanoja di posisi teu nguntungkeun nyaéta *Subordinasi Wanita* (Isnendes, 2017, kc. 48-49).

Patali jeung hal éta, pasipatan jalma tangtu moal aya nu sarua. Babandinganana bisa katempo dina pasipatan jeung paripolahna. Kitu ogé manusa anu kembar, boh dina sipatna boh dina kalakuanana pasti aya bédana. Babandingan wanoja téh bisa méré eunteung. Upama aya conto nu hadé bisa dibawa, ulah nu goréngna mah.

Pieunteungeun nu hadé téh bisa méré idéntitas pikeun citra wanoja.

Citra wanoja mangrupa hal-hal anu raket patalina jeung wanoja atawa ideologi féminisme. Laku lampah wanoja raket patalina jeung citra wanoja, kitu deui dina urusan sosial, atikan, boh pakasaban tur bisa méré gambaran. Tapi aya sawatara masarakat anu méré anggapan yén wanoja mah leuwih handap tibatan kaum lalaki. Ku lantaran citra wanoja mindeng dipatalikeun jeung hal-hal anu négatif, wanoja ngan ukur bisa nguruskeun kabutuhan rumah tangga wungkul siga ilaharna. Dina nepikeun kamandang ngeunaan hiji hal ogé dianggap heureut dina sawatara widang anu dikawasa, lian ti kitu wanoja sok dianggap salaku objék napsu wungkul (Mu'jizah, 2003, kc 2).

Carita dina karya sastra téh loba nu nyaritakeun wanoja. Carita dina kaonjoyanana jeung kahéngkérana. Geus teu bireuk deui. Carita sosial, pulitik, dunya atikan, pakasaban, kitu ogé rumah tangga. Carita wanoja nu kompléks téh dihasilkeun ku pangarang awéwé jeung pangarang lalaki. Upama ditataan pangarang awéwé di antarana nyaéta Aam Amilia, Asma Nadia, Chye Retty Isnendes, Etti RS, Ayu Utami, NH Dini, Mira Widjaja, Dewi Lestari, Tini Kartini, jeung sajabana. Kitu ogé pangarang lalaki, di antarana Abdulah Mustafa, Andrea Hirata, Ajip Rosidi, R. Memed

Sastrahadiprawira, Dedy Windyagiri, Holisoh ME, Tatang Sumarsono, Yus Rusyana jeung sajabana.

Karya sastra jeung citra wanoja aya patula-patalina. Hasil karya sastra aya halhal anu patalina jeung wanoja bisa jadi inspirasi. Di sagédéngéun éta, bisa jadi motivasi ka kaum wanoja sangkan leuwih rancagé di sagala widang. Ieu téh supaya teu sarua jeung galur carita dina novel nu rék diguar, nyaeta novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia. Pasualan nu nyampak sanggeus maca éta karya sastra, salah sahijina nyaéta ménta kaadilan jeung kawijaksanaan ka kaum lalaki nu jadi pamingpin dina rumah tangga.

Dua novel dina genre nu béda téh tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkérangan séwang-séwangan. Lian ti kitu, Aam Amilia jeung Asma Nadia tangtu boga rasa nu béda dina nyieun karya sastra, contona dina wangun prosa. Lantaran bisa disebut plagiarisme, upama karya sastra nu hiji jeung séjénna sarua pisan.

Sastrawan Sunda kawilang réa pisan, salah sahijina nyaéta Aam Amilia. Wanoja Sunda rancagé. Lahir di Bandung, 21 Desember 1946. Wanoja nu rancagé dina widang jurnalis, nulis carpon, tur pernah jadi rédaktur jeung wartawan di sababaraha media citak Sunda ogé Indonesia kaasup *Manglé*, *Hanjung Bodas*, jeung sajabana. Lian ti éta ogé, Aam Amilia dilélér Hadiah Sastra Rancagé ku Yayasan Kabudayaan Rancagé. Anjeunna gé pernah jadi Pupuhu Paguyuban Sastrawati Sunda (Patrem) nepi ka taun 2010.

Anapon karya-karyana nyaéta *Samagaha* (1969), *Asmara Ngambah Sagara* (1970), *Lalangsé* (1970), jeung karya séjénna. Ieu hal téh bisa méré conto nu hadé, yén wanoja rancagé tur bisa ngébréhkeun salah sahiji kaonjoyanana.

Tokoh sastrawan dina genre Indonesia gé kawilang loba. Salah sahijina nyaéta Asma Nadia. Lahir di Jakarta, 26 Maret 1972. Asmarani Rosalba ngaran lengkepna. Tapi masarakat leuwih wanoh ka ngaran Asma Nadia. Anjeunna ogé salaku jalma nu ngadegkeun Forum Lingkar Pena jeung Manajer Asma Nadia Publishing House.

Ieu wanoja téh kawilang aktif pisan. Kungsi ngalalana ka luar nagri salaku narasumber dina sabararaha acara. Anapon Sababaraha karya nuansa Islam karya anjeunna, di antarana *Assalamualaikum Beijing*, *Emak Ingin Naik Haji*, *Rumah Tanpa*

Jendela jeung Surga yang Tak Dirindukan

Dua carpon dina ieu panalungtikan téh miboga ajén-ajén atikan anu nyangkaruk. novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia méré conto yén kaihlasan jeung kajujuran téh konci utama. Hartina, ihlas jeung jujur téh bisa jadi lawang pamuka silaturahmi jeung pamuka rezeki. Ihlas jeung jujur nu diébréhkeun ku tokoh utama dina dua novel téh bisa méré conto nu hadé pikeun pamaca. Lantaran dina hirup nu saenyana mah hésé, sabab moal aya jalma anu ihlas saupama lalaki nu dipikanyaah, tapi resep nyandung.

Di sagédéngéun ti éta, suksesna wanoja jadi ciri kabagjaan di kulawargana. Tokoh utama dina novel *Puputon* karya Aam Amilia nyaéta Astri. Ieu tokoh téh méré conto nu hadé, lantaran bisa ihlas narima salakina nyandung, sanajan ngaliwatan prosés nu panjang. Salian ti novel *Puputon* karya Aam Amilia, dina novel *Surga yang Tak Dirindukan* tokoh utamana nyaéta Arini. Ieu tokoh gé méré conto nu hadé pikeun jalma réa. Arini, jalma nu rancagé dina widang nyarita tur nulis. Ihlas nu diébréhkeun ku ieu tokoh téh katitén dina ngajalankeun kahirupan sapopoéna, sanajan salakina nyandung. Konci ihlas jeung jujur téh nyieun rumah tangga luyu jeung nu dipikaharep ku jalma réa.

Bisa katitén ti sababaraha wanoja, salah sahijina Aam Amilia jeung Asma Nadia yén wanoja miboga hak pikeun némbongkeun dirina salaku mahluk nu mampu sarta boga pangalaman anu sarua. Ku lantaran ayeuna mah geus ilahar, upamana pagawéan lalaki téh geus jadi hal nu lumrah deui pikeun kaum wanoja. Nurutkeun Isnendes (2017, kc.7) yén féminisme nyaéta idéologi nu bébas pikeun wanoja tina teu adilna ku sabab wanda raranganna. Di sagédéngéun ti éta, nurutkeun Isnendes (2010, kc. 101) yén féminismé téh kawilang loba wangunna di antarana baé idéologi, politik, agama, ras, jeung budaya di unggal wanojana. Dasar pamikiranana gé gumantung kana pangalaman wanoja. Dina ieu panalungtikan hal nu saperti kitu téh nyampak, tur karandapan ku wanoja. Hal nu nyampak téh ku cara digawéna salaku guru jeung salaku pangarang buku. Antukna éta hal téh méré gambaran yén wanoja bisa némbongkeun pilihan hirup jeung rancagé.

Citra wanoja nu rék dipedar dina ieu panalungtikan téh, tangtu dibutuhkeun pamarekan jeung téori. Ari téori ngeunaan citra wanoja téh raket patalina jeung

fémínisme. Nurutkeun Humm dina (Isnendes, 2017, kc. 7) yén feminisme bisa méré sababaraha pangaruh ku lobana jenis fémínisme. Kritik sastra fémínis lain hartina kritik wanoja boh kritik ngeunaan wanoja boh kritik ngeunaan pangarang wanoja. Tapi harti sederhana na nyaéta kritik ngeunaan kamandang sastra nu husus tur sadar yén aya *jenis kelamin séjén* nu aya patalina jeung budaya, sastra ogé kahirupan sapopoé.

Dina ieu panalungtikan objék anu ditalungtik ngeunaan novel. Novel kaasup kana wangun prosa. Carita dina novel atawa karya sastra anu ngaguar ngeunaan kaum wanoja tangtu raket patalina jeung feminisme. Kaum wanoja ayeuna geus loba nyieun karya sastra anu produktif, buktina hasil karya-karya ti pangarang wanoja kawilang réa tur alus. Conto karya sastra wanoja wangun prosa saperti dina novel Sunda *Puputon* karya Aam Amilia anu nyaritakeun tokoh utamana Astri salaku pamajikan kahiji nu dicandung jeung dinyenyeri ku kaum lalaki nyaéta salakina sorangan nu ngaranna Ismét. Ismét geus jangji rék pakait ati salilana jeung Astri pikeun ngambah sagara rumah tangga. Tapi dina enas-enasna salila rumah tangga kurang leuwih sapuluh taun, masih kénéh can boga turunan. Antukna Ismét ngolémbar ka awéwé séjén sangkan hayang boga katurunan. *Puputon* dijieunna taun 1974, mangsa harita keur meumeujeuhna kaum wanoja neangan hak-hakna pikeun bisa milih hiji hal ngeunaan naon baé utamana hak seksualitas jeung hak sosial.

Dina genre nu séjén nyéta novel Indonesia, *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia nyaritakeun ngeunaan tokoh utama wanoja nyaéta Mba Arini anu dicandung ku salakina nya éta Mas Pras. Manéhna ngolémbar ka kaum wanoja nu séjén alatan aya hal nu kacida pentingna. Tokoh wanoja na ngaranna Méi Rose nu ngahaja ngalakukeun *aksi bunuh diri*. Disagédéngéun éta tokoh lalaki teu bisa ngantepkeun kana kajadian anu katempo ku dirina. Kajaba ti kitu pikeun nulungan hal éta, ngajadikeun Mas Pras nyandung. Tapi hal nu dilakukeun ku Mas Pras téh ngajadikeun Mba Arini nyeri haté.

Sawatara panalungtikan saméméhna ngeunaan kritik sastra feminis atawa tokoh wanoja, diantarana nyaéta: panalungtikan meunang Isnendes (2004) anu judulna “*Suara Perempuan dalam Novel Sunda Puputon ‘Buah Hati’ Karya Aam Amilia*”. Ieu judul téh medar ngeunaan munculna pemahaman jeung kesadaran anyar pikeun wanoja ngabebenah diri di mangsa ayeuna jeung mangsa nu bakal karandapan. Judul nu séjén nyaéta “*Babandingan Citra Wanoja dina novel Galuring Gending karya Tatang*

Sumarsono jeung novel Ronggeng Dukuh Paruk karya Ahmad Tohari (Ulukan Struktural jeung Feminisme)” anu ditulis ku Kumalasari (2018). Aya ogé panalungtikan meunang Nurfajriani (2018) anu judulna “*Citra jeung Stereoptip Wanoja Sunda dina Novel Marjanah Karangan S. Djojopuspito*” medar ngeunaan citra jeung stereotip tokoh wanoja dina novel Marjanah karya S. Djojopuspito patali jeung wanoja di Jawa Barat. Panalungtikan séjén meunang Robby (2020) dijudulan “*Citra Wanoja dina Roman Pondok Pileuleuyan Karya Yus Rusamsi (Ulukan Struktural jeung Féminisme)*”. Dina sastra Indonesia di antarana nyaéta panalungtikan ti Riyani (2015) anu judulna “*Citra Perempuan dalam Serat Darmaduhita*” medar ngeunaan citra fisik jeung citra psikis, citra sosial nu aya dina carita *Serat Darmaduhita*. Panalungtikan séjén dina génre sastra nu sarua nyaéta meunang Putri, A & Nazaruddin (2017) medar ngeunaan citra wanoja dina novel *Padang Bulan* karya Andrea Hirata nu dilarapkeun pikeun bahan ajar. Hasil panalungtikanana nyaéta nétélakeun ngeunaan citra tokoh wanoja (Enong) nu aya dina novel *Padang Bulan* karya Andrea Hirata aya opat katégori ngawengku katégori ngeunaan citra wanoja nyaéta minang ka budak, rumaja, sobat, jeung anggota masarakat.

Dina panalungtikan di luhur, sasaruanaana aya dina ulikanana nyaéta féminisme ideologi anu museur kana tokoh wanoja dina aspek citra wanoja. Di sagédéngeun éta nu ngabédakeunana mah nyaéta dina sumberna. Sumber panalungtikan nu dipaké ku Kumalasari (2018) mah novel *Galuring Gending karya Tatang Sumarsono jeung Novel Ronggeng Dukuh Paruk karya Ahmad Tohari*. Ari dina ieu sumber panalungtikan mah tina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia.

Ieu panalungtikan medar ogé ngeunaan struktur pangwangunna ngawengku tema, fakta carita jeung sarana carita, ku lantaran nalungtik carita dina wangun téks moal leupas tina sturkturna. Lian ti kitu anu jadi fokus mimiti dina ieu panalungtikan nyaéta ngaguar ngeunaan babandingan citra wanoja dina ieu dua novel genre nu béda. Citra wanoja di antarana citra fisik wanoja, citra psikis wanoja, citra wanoja di kulawarga jeung citra wanoja di masarakat nu tangtu maké pamarekan féminisme.

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh ka nu maca tur bisa méré motivasi ka kaum wanoja sangkan bisa mertahankeun hak salaku wanojana jeung

Laxmidiah Sekar Ayuni Zulfikar, 2021

BABANDINGAN CITRA WANOJA DINA NOVEL PUPUTON KARYA AAM AMILIA JEUNG NOVEL SURGA YANG TAK DIRINDUKAN KARYA ASMA NADIA (Ulukan Struktural jeung Féminisme)

Universitas pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

rancagé dina sagala widang. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “Babandingan Citra Wanoja dina Novel *Puputon* Karya Aam Amilia jeung Novel *Surga yang Tak Dirindukan* Karya Asma Nadia (Ulikan Struktural jeung Féminisme)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah anu dipedar kapanggih sababaraha masalah anu perlu diidéntifikasi. Sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan ogé perlu diwatesanan, ngawengku kana sababaraha hal anu patali jeung pamarekan strukturalisme Robért Stanton. Pamarekan sastra bandingan Ruhaliah nu aya patalina jeung wanoja dina pamerekan féminisme, utamana féminisme ideologis dina Novel *Puputon* Karya Aam Amilia jeung Novel *Surga yang Tak Dirindukan* Karya Asma Nadia.

Idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Novel mangrupa karya sastra wangun prosa nu miboga unsur pangwangunna kayaning struktur carita anu aya dina éta karya. Strukturalisme mangrupa pamarekan pikeun medar struktur dina karya sastra dumasar unsur pangwangunna;
- 2) Tokoh wanoja dina ieu karya miboga kalungguhan salaku pangwangun carita, ngaliwatan pamerekan nu raket patalina jeung wanoja nyaéta féminisme;
- 3) Babandingan aspék-aspék palaku utama wanoja ieu novel dina génré nu béda bisa katitén dina aspék fisik, aspék watek, aspék kasang tukang sosial, aspék pakasaban, jeung aspék tambahan tokoh lalaki.
- 4) Babandingan citra wanoja dina tokoh utama ieu novel dina génré nu béda bisa katitén dina citra wanoja fisik, citra wanoja psikis, kalungguhan citra wanoja di kulawarga, jeung kalungguhan citra wanoja di masarakat.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu dipedar, aya sababaraha rumusan masalah anu nyampak dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita kayaning téma, fakta carita (galur, palaku/watek, latar) jeung sarana sastra (judul jeung puseur implengan) dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia?

- 2) Kumaha babandingan aspék-aspek palaku utama kayaning aspék fisik, aspék watek, aspék kasang tukang sosial, aspék pakasaban, jeung aspék tambahan tokoh lalaki dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia?
- 3) Kumaha babandingan citra wanoja dina palaku utama kayaning citra fisik wanoja, citra psikis wanoja, kalungguhan citra wanoja di kulawarga, jeung kalungguhan citra wanoja di masarakat dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan nu nulis tangtu mibanda tujuan tina sawatara hal nu kudu dihontal, nyaéta:

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta ngaguar jeung maluruh ngeunaan struktur, babandingan tur féminis nu nyampak dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun:

- 1) Ngadéskripsikeun struktur carita nu nyangkaruk dina Novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia kayaning téma, fakta carita (galur, palaku/watek, latar) jeung sarana sastra (judul jeung puseur implengan);
- 2) Ngadéskripsikeun babandingan aspék-aspek palaku utama kayaning aspék fisik, aspék watek, aspék kasang tukang sosial, aspék pakasaban, jeung aspék tambahan tokoh lalaki dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia;
- 3) Ngadéskripsikeun babandingan citra wanoja dina palaku utama kayaning citra fisik wanoja, citra psikis wanoja, kalungguhan citra wanoja di kulawarga, jeung kalungguhan citra wanoja di masarakat dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara teoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi mangpaat pikeun dunya atikan. Ieu panalungtikan bisa ngajembarkeun pangaweruh utamana ngeunaan citra wanoja Sunda dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Aya ogé mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta :

- 1) Hasil ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun panalungtikan nu séjénna;
- 2) Hasil ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kawilang beungharna ulikan sastra nu ngaguar ngeunaan babandingan strukturalis jeung féminisme.

1.5 Raraga Mikir

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, ngarah leuwih jéntré baris dipedar di handap ieu.

Bab I eusina ngeunaan bubuka, nu medar kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga mikir.

Bab II eusina medar ngeunaan ulikan tiori anu patali jeung bahan panalungtikan, nu ngawengku tiori struktural, tiori babandingan, tiori féminisme, tiori citra wanoja, tiori novel, jeung tiori anu ngarojong kana ieu panalungtikan. Dina Bab II ogé teu ngan ukur medar ngeunaan tiori tapi ogé medar ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III eusina medar ngeunaan métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun jeung téhnik ngolah data, instrumén ngumpulkeun jeung ngolah data panalungtikan, sarta data jeung sumber data panalungtikan.

Bab IV eusina medar ngeunaan hasil jeung pedaran panalungtikan, medar déskripsi, prak-prakan, jeung hasil data panalungtikan ngeunaan struktural jeung

féminis dina novel *Puputon* karya Aam Amilia jeung novel *Surga yang Tak Dirindukan* karya Asma Nadia.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan implikasi jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, sarta miboga harepan yén ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun tur nambahan référénsi pikeun kamajuan panalungtikan ka hareupna.